Казбек районалъул газета
# Чапар
Вестник

12+ № 17 (9928) 5 май 2023 с. / Рузман 15 Шаввал 1444 с. / багъа - эркенаб redakciya-chapar@mail.ru

# КIудияб Бергьенлъиялъе-78 сон!

## ПОЗДРАВЛЕНИЯ




***О Великой Победе СССР над фашисткой Германией весь мир узнал 9 мая 1945 года. День Победы-самый желанный и в то же время самый неоднозначный праздник. Как поётся в одноимённой песне, «это праздник со слезами на глазах», иначе и быть не может. За 4 года (1418 дней и ночей) войны, не считая материальных потерь, советский народ лишился более 27 млн. человек.***

***Нет, она не осталось в далёком прошлом, раны, нанесённые ею, ещё кровоточат в сердцах наших людей. Для нас это величайший праздник, в котором много смыслов.***

## Уважаемые казбековцы!

Вот и наступила ещё одна годовщина Великой Победы! Этот праздник особенно дорог каждому из нас. Победа в Великой Отечественной войне потребовала от всего нашего народа огромного напряжения всех духовных и физических сил, беспримерного героизма на фронте и самоотверженности в тылу.

Цена Победы-это боль и слёзы радости, это-память сердец, которую бережно хранит каждая семья. Это то, что объединяет нас и делает непобедимыми перед лицом любых испытаний. Наши дети не забудут, внуки и правнуки будут гордиться тем, что совершили наши отцы и деды. Те, кто ковали эту Победу на фронте и в тылу, навечно останутся в наших сердцах.

Здоровья, счастья, благополучия, мирного неба и праздничного настроения вам!

***Глава МР «Казбековский район» Г.Г. Мусаев***
***Председатель Собрания депутатов Г.М. Гирисханов***

## Уважаемые земляки!

Поздравляю вас с великим и радостным днём-праздником Победы! Гордитесь теми, кто добывал нам эту Победу, ведь благодаря им мы живём и трудимся.

Пусть мы никогда не услышим свиста пуль и не увидим на небе хмурых туч войны. Здоровья, счастья и успехов вам всем.

С праздником вас!

***Депутат НС РД М.Д. Умаханов***

## ХIурматиял районцоял!

78 сон тIубалеб буго КIудияб бергьенлъи босаралдаса. РухIалда барахщичIого, багъана нилъер халкъ гурхIел гьечIев тушманасде данде. 1418 сордо-къоялъ халатбахъараб рагъда нилъер халкъалъ бихьизабуна цолъи, гьудуллъи ва ВатIаналде бугеб рокьи. Гьеб нилъеца киданиги кIочене биччазеги бегьуларо. Кьеги нуж тIолазего сахлъи, рохел, талихI ва ишазулъ битIккей, букIаги нужеда тIад даимго ракълилаб зоб!

***ЖамгIияб палатаялъул председатель ХI.А. Адимирзаев***
***Харабазул Советалъул председатель С.Э. НургIалиев***
***Рагъулгун захIматалъул ветераназул Советалъул председатель Х.ГI. МухIамадхIабибов***

## Баркула тIокIлъиялъулаб шапакъат!



1 маялда республикаялъул пачалихъиябгун жамгIияб багъа-бачариялъулъ ва социалиябгун экономикияб рахъал цебетIезабиялъулъ кIудияб бутIа лъурал дагъистаниязе Дагъистаналъул бетIер Сергей Меликовас пачалихъиял шапакъатал кьуна.

*«Республикаялъул социалиябгун экономикияб рахъал цебетIезабиялъулъ лъураб бутIаялъухъ»* медалалдалъун гьенив нилъер районалъул бетIер ХI.ХI. Мусаевги кIодо гьавуна.

Районалъул администрациялъул хIалтIухъабаз, депутатазул корпусалъ ва районалъулго жамагIаталъ ракI-ракIалъ баркула ХIажимурад Мусаевасда гьеб тIадегIанаб шапакъат щвей.

## Иргадулаб данделъиялда...

2 маялда районалъул администрациялда тIобитIана аппараталъул иргадулаб данделъи. Районалъул администрациялъул бетIерасул тIоцевесев заместитель И. И. Шабазовасул нухмалъиялда тIобитIараб гьеб тадбиралда гIахьаллъана администрациялъул, учреждениябазулгун организациябазул жавабиял хIалтIухъаби ва росабазул бутIрул.

Данделъиялъул хал гьабиялде росарал суалазул аслияллъун рукIана гIолилал рагъулаб хъулухъалде ахIиялъул ихдалилаб кампания ва лъайкьеялъул гIуцIабазда хIасилал гьариялъул пачалихъияб аттестация тIоритIиялда, администрациялдагун гIуцIабазда инвентаризация гьабиялъул хIасилазда, республикаялъулаб субботникалда гIахьаллъиялдагун районалъул территориалияб планированиялъул схема хIадуриялда хурхарал суалал.

ТIоцебесеб суалалда тIасан кIалъазе вахъарав жамгIияб хIинкъигьечIолъи чIезабиялъул рахъалъ районалъул администрациялъул бетIерасул заместитель Басир Нуцаловас гьениб бицана рагъулаб хъулухъалде гIолилал ахIиялъул кампания тIобитIиялъулъ бугеб ахIвал-хIалалъул. Гьес абуралда рекъон, армиялде гIолилал ахIиялъулъ цо-цо захIмалъаби дандчIвалел руго. Рагъулаб хъулухъалде ахIарав 100 чиясул 30-яв комиссиялде вачIун гьечIо, гьенире ахIизе хутIун руго Дилим, Буртунай ва Ленинаул росабалъа гIолилал.

КIиабилеб суалалда тIасан кIалъарав лъайкьеялъул управлениялъул начальник МухIамадрасул МухIамаевас данделъиялъул гIахьалчагIазе бицана гьаб соналъ ЕГЭ ва ОГЭ цIалдохъабаз кьеялде гьабураб хIадурлъиялъул.

Муниципалияб буголъиялъул инвентаризация гьабиялъул гьениб бицана муниципалияб буголъиялъе нухмалъиялъулгун ракьулгунисел гьоркьорлъабазул отделалъул начальник Мансур Эмеевас.

Гьес абуна: *«Районалъул бетIерасул тIадкъаялда рекъон, тIобитIараб инвентаризациялда баянлъана буголъиялъул камураб щибниги гьечIеблъи, батана бухгалтериялъул хIисабалда гьечIеб къайи-цIа, гьеб кколеб буго хIалтIухъабаз жидерго гIарцуде босараблъун. Араб соналъ гьарурал бадичIваялги хIисабалде росун, гьаб соналъ комиссиялъ кинабниги буголъиялда инвентаризационниял номерал лъуна»*,-ян.

Субботник тIобитIиялда тIасан гьабураб жиндирго кIалъаялда архитектураялъулгун бакIал раялъул ва ЖКХялъул отделалъул начальник ХIамзат ХIадаевас абуна: *«Субботник тIобитIиялъулъ районалъул гIуцIабазул хIалтIухъабаз, жамагIатаз жигараб гIахьаллъи гьабуна ва гьезие ракI-ракIалъулаб баркала буго»*,-ян.

Гьединго, гьениб И. Шабазовас бицен гьабуна КIудияб Бергьенлъиялъе 78 сон тIубаялъул байрам кIодо гьабиялъе тIоритIизе ругел тадбиразул.

***МухIамад-Шарип ГIабдулашимов***

Гьаб номералда нужеца цIализе бегьула

гъум. 2 АТКялда...

гъум. 3 Гьалъул балъголъаби гIемерал руго

гъум. 4 Спорт

# КIудияб Бергьенлъиялъе-78 сон!

## АТКялъул данделъиялда...

27 апрелалда районалъул админи-страциялда тIобитIана терроризмалде дандекъеркьеялъул комиссиялъул ир-гадулаб данделъи.

Районалъул бетIер ва комиссиялъул председатель ХI.ХI. Мусаевасул нух-малъиялда тIобитIараб гьеб тадбиралда гIахьаллъана Дагъистаналъул Халкъияб Собраниялъул депутат М.Д. ГIумаханов ва комиссиялъул членал.




Нилъеда лъала маялъул байрамазда гIезегIанаб къадар гIадамазул гIахьал-лъулеблъи. Гьелъ, гьединал бакIазда терракталги гIадлу-низам бихxиялъул хIужабиги гьаризе цIикIкIарал ресал рукIуна. Гьел ккунгутIиялъейин гIуцIулел комиссияби, хIалтIул группаби, хасал планал ва гь.ц.

Рехсараб данделъиялъул халгьаби-ялде росарал суалазул киналго рукIана ихдалил байрамазда жамгIияб хIинкъи-гьечIолъи чIезабиялда, гIолилал терро-ризмалъул идеологиялде гьоркьоре ккунгутIиялъе гьабулеб хIалтIиялда ва республикаялъулгун районалъул АТКя-зул хIукмаби тIуразариялда хурхарал.

Данделъиялъул байбихьиялда ХI. Мусаевас тадбиралда гIахьаллъулезул кIвар буссинабуна гьабсагIаталда рес-,публикаялда бугеб жамгIиябгун поли-тическияб ахIвал-хIалалде, байрамазул къояз цIунизе кколеб цIодорлъиялде ва, цоцалъ рекъон, хIалтIизе кколел рукIиналде.

ЖамгIияб хIинкъигьечIолъи чIеза-биялъул, террактал гьариялде дандечIе-ялъул суалазул аслияб бутIа ОМВДялъул хIалтIухъабазул кIигъуждузда бегулеб-лъи нилъеда лъала.

Гьелъ, гьеб суалалда тIасан кIалъай гьениб гьабуна ОМВДялъул штабалъул начальник Рустам СагIидовас. Гьес абу-на: *«Нижеца хасал группаби гIуцIун руго тIубарал сордо-къояз хъаравуллъиялда рукIинелъун, гьезда цадахъ рукIина нух-малъиялъул чагIиги. Байрамазул къояз халкквеялда вукIине вуго 70 хIалтIу-хъанги ДНДялъул (добровольная народ-ная дружина) 25 членги, гьединго, гьезие кумек гьабизе чIезарун руго МЧСалъул 20 хIалтIухъанги»*,-ян.

Жинца нухмалъи гьабулеб физкуль-тураялъулгун спорталъул, туризмалъул ва гIолилазда гьоркьор ишал гьариялъул отделалъ терроризмалъул идеологиял-де дандечIеялъе гьабураб хIалтIул гье-ниб бицана гьеб отделалъул начальник Ибрагьим Булатхановас.

Гьес абуна: *«ГIолилазул цогидал гIуцIабазда цадахъ ва хасаб планалда рукъон, гьудул-гьалмагълъиялъулгун вацлъиялъул бухьенал щулалъизариялъе, квешал пишабазде гIолилал цIангутIи-ялъе, гьел пайдаял ишазде руссиналъе ни-жеца гIезегIанал тадбирал (батIи-батIи-ял къецал, дандчIваял ва цогидалги) тIоритIана.*

*Гьединго, нижеца гIолилал цIала волонтёразул багъа-бачариялъулъе-ги. 25 апрелалда Дубки посёлокалда тIобитIана «Эко-тур» экологическияб акция. Гьелъулъ гIахьаллъана 500-ялда-саги къадар цIикIкIарал гIадамал. Гьез рищни-къулалдаса рацIцIад гьаруна хал-гьабиялъул площадка ва гьелда сверухъ бугеб бакIалгун рохь»*,-ан.

Дубки посёлокалъулги ИчкIа росдал-ги бутIруз (ГIайнудин Абакаров ва Улуби Улубиев) гьениб бицана терроризма-лъул идеологиялда дандчIеялъе район-алда гIуцIараб Комплексияб план тIуба-забияда сверухъ жидер бакIазда гьабураб хIалтIул. Гьел тадбирал тIоритIиялде гьоркьоре гьез цIалел руго захIматалъул ветераналспортсменал, диниял церехъа-би, жамагIатчагIи, ОМВДялъулги цогидал гIуцIабазулги хIалтIухъаби, къокъгьабун абуни, гIумрудулги хIалтIулги хIалбихьиги бугел гIадамазда гьоркьоб рагIиги биль-лъанхъарал гIадамал.

Узухъда, аслияб кIвар гьез гIолеб гIелалъулгун гьабулеб хIалтIуде бусси-набулеб буго. Гьезул биценазда хурхун, гьабураб тIасан кIалъаялда ХI. Мусаевас абуна: *«Дида лъикI лъала нужеца тер-роризмалде дандечIеялъе гьабулеб хIал-тIи. Нужеда лъала гьаб заман нилъехъе гIемерал туристал, гьалбал ва цогидал рачIунеллъун букIин.*

*Хасаб кIвар кьезе ккола щаклъи ккарал гIадамазде, транспорталде ва бакI-бакIазда рехун тараб къайи-цIаял-де. ГIемерал гIадамал данделъулел бакIал рукIуна бищунго террактал гьарулезе бигьаяллъунги гьезде данде чIолезе захI-маталлъунги (мисал: «Главрыба»). Гьелъ, цадахъ рекъон, нилъеца гIадамал ахIизе ккола цIодорлъиялде, халалда рукIиналде ва жалго цIуниялъе гьаризе тIадал ишал лъазариялде»*,-ян.

КIалъазе вахъарав жамгIияб хIинкъи-гьечIолъи чIезабиялъул рахъалъ райо-налъул администрациялъул бетIерасул заместитель Басир Нуцаловас данде-лъаразе бицана республикаялъулгун районалъул АТКяз гьарурал хIукмаби бетIералде рахъинарун рукIиналъул ва гьезда гьоркьоб тIубачIеб хIукму гьечIеб-лъиялъул.

Гьелда тIасан гьабураб кIалъаялда районалъул бетIерас абуна: *«ХIукмаби бетIералде рахъин гуреб нилъер мурад-лъун кколеб, гьел тIуразаризе ккола лъикIаб качествоялда ва жиндир зама-налда»*,-ян.

***МухIамад-Шарип ГIабдулашимов***

## Къимат тIокIаб байрам баркула дица

Нилъер умумузе хираго чIараб,
Хвалилаб кьаби щун, тушман сорораб,
Улкаялъул къадру, халкъалъул рохел,
Баркула нужеда 9-абилеб май.

ИчIботIрол аздагьо чIинтIизабизе,
Чорхол рухIги жанги жидеца кьурал,
Жибго чаран гIадал ветераназда,
ТIоцебе баркула дица гьаб байрам.

Гьаб нилъер ракълилаб гIумру биххизе,
Нагагь лъидениги ракIалде ккани,
Гьезий кIочонареб дандчIвай гьабулел
ВатIан цIунулезда баркула байрам.

ЦIадакьги, бакъукьги, къасиги, къадги,
Къан рачелги борчун, посида ругел,
ХIажалъани маян чорхол рухI кьолел,
Гьал полициязда баркула байрам.

Мадрасал, школазул цIалдохъабазда,
ЦIалдон свакаларел студентаздаги,
Гьезий дарсал кьолел мугIалимазда,
РакI-ракIалъ, баркула 9-абилеб май.

Дора космосалъул гIатIилъабазда,
МоцIалги соналги тIамулел ругел
ГIакълу-лъай камилал гIалимзабазда,
Салам кьун, баркула 9-абилеб май.

Инсанасул сахлъи цIунилин абун,
Жидеца гьа кьурал тохтурзабазда,
Кьабун кверги босун, баркула дица,
ТIолго миллатазе гIаммаб гьаб байрам.

Къимат тIокIаб байрам баркула дица,
ГIемер миллатазул районцоязда.
Рагъул заманалда живго Сталинил,
*«Баркала»* бачIарал росуцоязда.

Ахиралда байрам баркула дица
«Чапар» газеталъул коллективалда.
Таваккал бергьараб, сабру цIикIкIараб,
КIудияб реццалъе даим жиб хIакъаб.

ВатIаналъе гIоло, нилъее гIоло,
ГIумру кьун, къанщарал, дир улкацоял,
Дора борхалъуда хъахIил накIкIазукь
Ратаги Расулил къункърабалъ нужги.

***МухIамадбег Абулаев, Гуни росу***

## КIудияб ВатIанияб рагъ ва нилъер район

Гьале, тIаде щвана КIудияб Бергьен-лъиялъе 78 сон тIубаялъул байрам.

КIудияб ВатIанияб рагъулъ, цогидал бакIазго гIадин, нилъер районалъги жин-дирго бутIа лъуна.

АхIунги жидеего бокьунги нилъер районалдаса, гьеб сияхIалъул мухIкан-лъиги гьечIо, КIудияб ВатIанияб рагъде 2787 чи ун вуго. Гьезул 1218 чи гурони, тIадруссунги гьечIо, хутIарал, араб бакI лъачIого, тIагIунги чIванги руго. Узухъ-да, гьезда гьоркьор руго орденалгун медалазул кавалералги И.В. Сталинил Баркалаялъул кагътазе мустахIикълъа-ралги. Гьел гIемер рехсана ва гьезул хIакъалъулъ хъвана.

*«Кинабго-фронталъе, кинабго-бер-гьенлъиялъе»* ахIиялъе жавабги гьабун, бажари бугел бихьинал рагъдеги ун, херазул, руччабазул ва жеги лъимала-зул захIматалдалъун, нилъер районалъ фронталде битIана 14212 тонна тIощалил, гьанал, нахул, картошкадул ва цогидалги кванил нигIматазул.

Районалъул гIадамаз, жидерго бу-голъиялдасан, ВатIан цIуниялъул фон-далде кьуна гIарац, багьаял (меседил, гIарцул ва пахьул) тIагIелал ва цогидаб къайи-цIа.

Гуни росдал *«ЦIияб гIумру»* кол-хозалъул колхозниказ рагъде аразул фондалде кьуна 25000 гъур. ва тIощел. Фронталъе гьабураб кумекалъухъ И.В. Сталиница гьезухъе битIун бачIана Бар-калаялъул телеграмма.

Районалъул захIматчагIаз фронталъе бакIарана ва битIана 415 азарго гъурущ, хадусан-танказул колонна ва броне-поезд гьаризе 580 азарго гъур. РатIатIун чIечIо пионералцин, гьез самолётазул звено гьабиялъе 17 азарго гъур. бакIара-на. Нилъер гIадамаз дагъистаниязде ахIи бана фронталъе кумек гьаби цIикIкIина-беян (газета *«Дагестанская правда»*, 12 июнь 1944 сон). Нилъеда лъала, дол соназ немцаз киса-кирего шпионал, хиянатча-гIи, диверсантал рехулел рукIараблъи. Камун рукIинчIо, рагъде ине инкарги гьабун, рахчуда чIаралги.

Гьезде данде къеркьеялъе нилъер районалда 35 чи гьоркьов вукIараб хасаб къокъа гIуцIун букIана. Гьале, тIаде бачIана заман нилъер районалдаги цониги рагъул ветеран хутIичIеб. Щиб гьабилеб, гьеди-наб къисмат нилъ тIолаздаго нахъа буго, амма, наслабаз наслабахъе кьун, гьел кIо-чон тезе бегьуларо. КIудияб ВатIанияб ра-гъул тарихалъулъе лъугьунезда, узухъда, лъала нилъер районалдаса рагъде аразул сияхI цIубараблъун гьечIеблъи. Рагъде аразул, гьенир тIагIаралгун чIваразул къисмат лъазабиялда тIад гIемерал соназ хIалтIулев вуго районцоязда лъикI лъалев, гIагараб ракьалъул тарих лъазабулев ва чанго тIехьалъул автор МухIамадапанди Дадаев. Гьесул хIаракаталдалъун, дагь-лъизаризе кIвана районалъул тарихалъул гIемерал *«хъахIал»* тIанчал.

Аллагьас тавфикъ кьеги гьесие.

1418 къоялъ халатбахъараб, дуня-лалда, вахIшилъиялъулги би тIеялъулги рахъалъ, жиб гIадинаб цоги букIинчIеб рагъулъ бергьенлъи босараб нилъер тIолабго халкъалъе даимаб рецц-ги цIарги! Гьеб нилъеда киданиги кIоченеги гьечIо.

***МухIамад-Шарип ГIабдулашимов***

# КІудияб Бергьенлъиялъе-78 сон!

## Гьалъул балъголъаби гІемерал руго

ВатІанияб рагъ… Гьелъул тарихалъулъ жеги тІатинчІел гІемерал балъголъаби рукІин нилъеда лъала. Ахирияб заманалда, архивал рагьиялъул хІасилалда, тарихчагІазе рес щвана рагъулъ ккарал лъугьа-бахъиназул цо-цо хІакъикъат лъазабизе, амма жеги гІемерал суалал руго жидее жавабал щвечІел яги киданиги гьел щвезе гьечІел.

Гьеб киналъухъго балагьичІого, гІезегІанал гІуцІаби, мухъилал гІадамал рагъул



хІакъикъат тІатинабиялда тІад хІалтІулел руго, ва, гьезул хІаракаталдалъун, рес щвана дол рагъул соназул тарихалъул *«хъахІал»* тІанчал дагьлъизаризе.

Балъголъи гуро ВатІанияб рагъул тІоцебесеб кьаби БакъбтІерхьул гІорхъода рукІаразда щвараблъи. Гьелъулъ хасаб бакІ ккола Бресталъул хъала (щулалъи) цІунулез тушманасде гьабураб дандечІеялъ. Гьенир ккарал тунка-хІусиязул бицине ккани, тІубараб тІехь хІажалъула, амма цо-цо хІужаби рехсечІого тейги дида битІараблъун бихьуларо.

Къокъабго заманалда тІубараб Европа мутІигІ гьабурал немцазда кинго ракІалде ккоЛароан Бресталъул хъала цІунулезда моцІалъ жидеда дандечІей гьабизе кІвелилан, амма гьеб гьедин букІана. Самолётаздаса байбихьун, хІажатабщиналдалъун хьезабураб немцазул армиялде данде рагъулезухъ *«тlутlаб»* гурони ярагъ (тункІал, автоматал, гранатаби ва гь.ц.), гьебги-гІураб къадаралда букІинчІо. Тушманасухъа ярагъ бахъунги, хъала цІунулез гьесда дандечІей гьабичІеб къо букІунароан. Асирлъуде ккунги чІванги хъала цІунулезул цого командир Петр Гаврилов хутІула. Вакъунги къечонги рухІ тІагІарав ва гІакълуялдаса арав гьев асирлъуде ккола. Гьесул бахІарчилъиялда бахиллъарал немцаз гьев чІваларо ва концлагералде витІула. Гьев асир гьавурав немцаз бицун буго кІалдиб лъураб квен къулчІизе кІоларев гьес жидеда, гранаталги рехун, кьвагьдей кин гьабурабали кинго бичІчІине кІвечІилан.

Ахиралде щвезегІан, гьевго гІадин, цогидал рагъухъабиги рагъараблъиялъе нугІлъи гьабула чІаго хутІаразул биценаз, гьенир бакІ-бакІазда, биялъгунцин, рагъухъабаз гьарурал *«Къо мех лъикІ, ВатІан, дун къуркьичІо»*, *«Холев вуго, амма асирлъуде ине гьечІо»* ва цогидалги хъвай-хъваяз.

Гьенир рукІаразул цІикІкІунисез абулеб букІана жидеда чІагого жужахІ бихьанилан. Гьеб кинабго ритІухъ гьабизе мисалал рачин гуреб дир мурадлъун ккола, дие бокьун буго гьенир рукІарал районцоязул хІакъалъулъ цо-цо баянал кьезе.

Нилъеда лъала рагъда цересел соназ, кидаго гІадин, нилъер районалдаса гІолохъаби БагІараб Армиялъул мухъилъе ахІараблъи ва ВатІаналъул рахъ-рахъазда гьез хъулухъ гьабулеб букІараблъи.

Гьай-гьай, рукІана гьел тІадехун рехсараб Бресталдаги, амма гьезул цІикІкІунисезул хІакъалъулъ щибниги лъалеб букІинчІо. Ахирияб заманалда (архивал рагьиялъ, гьел жеги тІубанго рагьунги гьечІо) рес кьуна рагъухъабазул хІакъалъулъ цо-цо баянал тІатинаризе.

Гьединазул цояллъун ккола Брест хъала цІуниялъул гІахьалчагІи-вацал: Таймасхан ва Алмасхан Сайгитовал. Хъвай-хъваязда гьел цо чилъун рихьизаруни фамилиябазулъ гьалатІал риччанги руго. Гьваридго гьабураб цІех-рехалдаса хадуб баянлъана гьезул хІакъикъат. Таймасханги Алмасханги армиялъул мухъилъе ахІун руго 1940 соналъул февралалда. Гьебго соналъул марталда гьел Брест шагьаралда гІагарлъухъ бугеб рагъулаб частадле ккола.

Рагъ байбихьараб тІоцебесеб къоялдаса нахъе гьел тушманас сверун ккураб хъалаялда рагъулел рукІуна, ва, июлалъул ахиралде щвезегІан, тушманасде данде чІола.

ДандечІей гьоркьоб къотІула хъала цІунулезул цониги чи нахъе хутІичІеб заманалда, гьенир бахІарчиго рагъана хъала цІунулел рукІарал нилъер районцоялги.

ЦІарги рецццги гьезие!

Гертмаялдаса гІолилаз хъулухъ гьабулеб дивизиялда нилъер районалдаса 31 чияс хъулухъ гьабулеб букІанинги буго. Узухъда, батІи-батІияб букІана гьезул къисматги.

Гьезул цоял гІумруялдаса ратІалъана, цогидал асирлъуде ккана, цо-цоял рагъ лъугІун хадусан тІадруссана. Гьезул къисматалъул цІех-рех гьабулеб буго. Божи лъола рагъухъабазул къисмат рагьизе кІвезе букІиналда.

*МухІамадапанди Дадаев,*
*гІагараб ракьалъул тарих лъазабулев*

## Лъалищ нужеда?

Тарихалдаса нилъеда лъала инсаниялъул тарихалъулъ ритІухъаллъунги ритІухъаллъун кколарелги тунка-хІусиял гІемерал рукІараллъи. Узухъда, заманалда рекъон, гьезулъ тІокІлъи бихьизабурал кІодо гьарулаан батІи-батІиял шапакъатаздалъунги къиматал сайгъатаздалъунги. Гьедин гьабулеб букІараблъиялъул тарих рехсезе ккани, гьелъ гІемераб заманги хвезабула бакІалги ккола. Дие бокьун буго цІалдолезе дагьабго баян кьезе инсаниялъул тарихалъулъ бищунго вахІшияблъунги би тІеялъул рахъалъ гьарзаяблъунги букІараб, КІиабилеб дунялалъул рагъул аслияб бутІа жинца ккураб КІудияб ВатІанияб рагъда нилъер хІукуматалъ ВатІан цІунулезе кьезе рихьизарун рукІарал шапакъатазул хІакъалъулъ.




Гьел шапакъатазда гьоркьор рукІана гьеб рагъ байбихьилалда цере рукІаралги (*«БагІараб Байрахъ»*, 1918 сон, *«БагІараб ЦІва»*, 1930 сон, *«Ленин»*, 1930 сон) орденал ва *«СССРалъул БахІарчи»* (1934 сон) медаль.

ВатІанияб рагъул заманалда, тІадехун рехсаралгун цадахъ, батІи-батІиял соназ шапакъатазе рихьизарун рукІана 33 батІи-батІиял орденалгун медалал. Гьел киназулго тарихги цІаралги рехсезе дун лъугьинаро, гьезул цІикІкІунисезул цІаралги ва сундухъ гьел кьолел рукІаралиги лъазе бокьарал Интернеталде раккизе бегьула.

ГІемеразда лъалеб батила дол соназул орденазда гьоркьоб бищунго тІадегІанаб (къиматаб) рагъулаб орденлъун *«Бергьенлъи»* орден букІараблъи. Гьеб гьабун букІана къиматал маххал (платина, месед, гІарац) ва рубиналгун бриллианталги хІалтІизе гьарун.

Гьеб орденалъул багьа, дол соназул гІарцудалъун, 6 млн. гъурщиде бахунеб букІун буго. Жакъасеб багьа гьелъул бахунеб буго 20 млн. доллараде яги 1 млд. 631 млн. 200 азарго гъурщиде! Кинабниги 22 орден хІадурун букІуна, гьезул 15-гояб кьуна цІикІкІараб тІокІлъи рагъулъ бихьизабурал полководцазе, 3-гоясе-к1иго нухалда, ва гьезул 5-гояб Дуайт Эйзенхауэрие (США-ялъул генерал), Бернард Монтгомерие (Англиялъул фельдмаршал), Михай Цоабилесе (Румыниялъул къирал), Михал Роля-Жимерскиясе (Польшаялъул маршал) ва Иосиф Броз Титое (Югославиялъул маршал) кьуна.

Орден кьурав хун хадусан, гьеб нахъе кьезеги ккола ан, щаяли бичІчІине захІмат гьечІо.

Киназдаго лъала къуватав тушманасде дандечІеялъулъ БагІараб Армиялъул рагъухъабаз, хасго гьелъул байбихьиялда, кинаб бахІарчилъи бихьизабурабали, амма гьеб заманалда рагъухъабазе шапакъатал кьей мукъсанаб букІана. Кьезе рихьизарурал гІемеразе гьел щвезеги щвечІо, хІатта хадусан бахІарчилъи бихьизабураздаса нахъе кьураб гьез бихьизабун букІинчІониги. Рагъде арал нилъер районалда гьоркьорги гьединал гІемер рукІана. ГІагараб ракьалъул тарих лъазабулев МухІамадапанди Дадаевасулги цогидазулги хІаракаталдалъун, гьединазул гІезегІанаб къадар тІатинабизеги кІвана, гьелъул цІех-рех жеги унебги буго.

## Буго гьадинаб махщел-ВатІан цІунизе кколеб

«Чапар» газеталда ( 17. 02.2023 сон) бахъун букІана, *«Рагъулаб махщел-мустахІикъаб тІаса бищи»* цІаралда гьоркь, макъала. ГІадамал хІалтІудалъун хьезариялъул Централъ гьениб лъазабулеб букІана гьаб заманалда бищунго хІажаталлъун ругел махщелал тІаса рищиялъе гІолилазда гьоркьор батІи-батІиял тадбирал тІоритІизе рукІин ва хасаб кІвар рагъулал махщелал тІаса рищиялда буссинабун букІин. Рехсараб цІаралда гьоркь, районалъул школазда тІоритІана батІи-батІиял тадбирал



(дандчІваял, классазул сагІтал, дарсал ва гь.ц.).

Гьабураб кинабниги хІалтІул хІасил гьабураблъун букІанин абизе бегьула 27 апрелалда районалъул культураялъул Централда тІобитІараб данделъи.

ТІадехун рехсараб Централъулгун районалъул централияб библиотекаялъул хІалтІухъабазул хІаракаталдалъун тІобитІараб гьеб тадбиралда гІахьаллъана гІумрудулги хІалтІулги хІалбихьи бугел захІматалъул ветеранал, офицерзаби, Украиналда тІобитІулеб хасаб рагъулаб операциялда гІахьаллъулел, чІахІиял классазул цІалдохъаби ва, хасгьабун, ахІарал гьалбал.

Гьенир кІалъазе рахъарал ХІажи Адимирзаевас (районалъул ЖамгІияб палатаялъул председатель), Манап ЛатІиповас (цеве вукІарав районалъул рагъулав комиссар), Исрапил Булатхановас (лицеялъул рагъулав нухмалъулев), СагІид СагІидовас (СВОялъул гІахьалчи, офицер), ТІагьир Чегуевас («ПЧ-42» гІуцІиялъул начальникасул заместитель), Мадина Магьдихановалъ (рехсараб Централъул хІалтІухъан) ва цогидазги гьениб бицана кинаб букІаниги рагъулаб хъулухъалъ ВатІаналде рокьи букІин, гьеб цІунизе хІадур рукІин бихьизабулеб букІиналъул.

*«Рагъулаб хъулухъ Россиялда кидаго букІана жиндир даража цІикІкІараблъун, къиматаблъун ва хІурматаблъун»*,-ан абураб пикру загьирлъулеб букІана гьезул кІалъаязулъ. Гьез гІолилазе патриотикияб тарбия кьеялда хасаб тІадчІей гьабуна.

М. ЛатІиповас ва И. Булатхановас гьениб бицана патриотикияб тарбия кьеялъ хІасилал кьечІого букІунареблъиялъул, рагъулаб хъулухъалде рокьи бижинабиялъул хІасилалда, гІезегІанаб къадар гІолилазул рагъулал заведениябазде лъугьиналъул.

Гьеб тадбир тІадегІанаб даражаялда тІобитІиялъе гІезегІанаб хІалтІи гьабун бугоан тІадехун рехсарал гІуцІабаз. РакІалде ккола гьез хІасил кьечІого букІинарин.

*МухІамад-Шарип ГІабдулашимов*

# ОМВД информирует...

## Уважаемые жители района!

Для вашего удобства и сокращения времени ожидания в очереди вы можете обратиться для получения государственных услуг в сфере миграции в электронном виде посредством портала *«Государственные услуги»* по электронному адресу www.gosuslugi.ru.

Для того, чтобы получить возможность полного использования услуг портала *"Государственные услуги"* необходимо пройти несложную процедуру регистрации на сайте госуслуг, которая займет немного времени.

Предложенная пошаговая инструкция поможет разобраться во всех тонкостях процесса.

Документы, необходимые для регистрации: паспорт, СНИЛС и мобильный телефон, для получения уведомлений портала и восстановления доступов к ресурсу в случае утери.

Этап 1. Регистрация на портале

Переходите на главную страницу портала - https: gosuslugi.ru/.

На главной странице портала *"Государственных услуг"*, в правой части нажимаете на кнопку *«Зарегистрироваться»* и переходите к форме регистрации на странице ЕСИА - https://esia.gosuslugi.ru/registration/.

Вводите фамилию, имя, номер своего мобильного телефона или электронной почты, нажав на кнопку «Зарегистрироваться», соглашаетесь с условиями использования и политикой конфиденциальности.

Дожидаетесь код подтверждения, который придет на номер указанного мобильного телефона. Задаете пароль, который будет использоваться для каждого входа на портал *"Государственных услуг"*, подтверждаете его второй раз понажимаете кнопку *«Готово»*.

Итак, Вы зарегистрированы. На следующем этапе понадобится ввести личные данные, которые, будут использоваться для автозаполнения полей при подаче онлайн заявлений на данном ресурсе, а именно: фамилия, имя, отчество, дата и место рождения, паспортные данные, которые затем сохраняете, нажав кнопку *«Сохранить»*.

На данном этапе Вы прошли упрощенную процедуру регистрации физического лица, при которой есть возможность получать лишь часть услуг, например, проверять наличие штрафов ГИБДД.

Этап 2. Завершение стандартной регистрации

Заполнив свой профиль, появится возможность пройти стандартную и подтвержденную регистрации, от которых и зависит количество получаемых услуг.

Чтобы Ваша учетная запись получила, стандартную регистрацию, достаточно ввести СНИЛС, и тогда система на портале *"Государственных услуг"*, проверив введенные данные, присвоит статус. Время проверки, в среднем, занимает около 15 минут.

После подтверждения Вы получите уведомление на мобильный телефон.

Этап 3. Подтверждение личности на портале

Для получения следующего статуса учетной записи необходимо подтвердить личность, нажав на кнопку *«Подтвердить»*.

Для этого выберите удобный для Вас способ прохождения процедуры идентификации личности и подтверждения учетной записи: лично в центре обслуживания; заказным письмом от Почты России; электронной подписью.

3.1. Лично в центре обслуживании.

Находим на карте ближайший центр обслуживания (МФЦ). При помощи фильтра можно выбрать интересующую услугу. Вам будет предоставлена информация о часах работы, также можно получить пароль активации учетной записи. При личном визите в центр обслуживания Вам понадобится паспорт и СНИЛС.

3.2. Электронной подписью

Для подтверждения личности с помощью средства электронной подписи можно обратиться в ближайшее подразделение многофункционального центра.

После этого Вы сможете пользоваться всем функционалом единого портала *"Государственных услуг"* без исключений.

В том числе можете подать заявление в миграционный пункт отдела МВД России по Казбековскому району для получения следующих услуг, а именно:
- регистрация граждан РФ по месту пребывания (по месту жительства);
- снятие с регистрационного учёта граждан РФ по месту пребывания (по месту жительства);
-оформление внутреннего паспорта гражданина Российской Федерации (для обмена паспорта по достижению 20-ти 45-тй лет, регистрацию на портале необходимо пройти до достижения указанного возраста);
-предоставление адресно-справочной информации на физических лиц.

Помимо этого, в электронном виде через портал *"Государственные услуги"* в отдел МВД России по Казбековскому району можно подать заявление о получении государственной услуги по добровольному дактилоскопированию граждан, и получении справок о наличии (отсутствии) судимости.

Регистрируйтесь на портале *"Государственных услуг"*, тем более что с каждым днем возможности государственных услуг, предоставляемых порталом, расширяются.

*Спорт-инсанасул сахлъи*

# Волейбол

Газета цIалулезда лъала, волейбол хIаялъул рахъалъ, нилъер ясазул командабаз зонаялъул, республикаялъул ва цогидалги бакIазул къецазда призалъулал бакIал росараблъи.




Гьале, 29 апрелалда, Дагъистан Республикаялъул мустахIикъав мугIалим ТIагьир ХIусейнович Абакаров ракIалде щвезавиялда хурхун, Хасавюрт шагьаралда тIобитIараб республикаялъулаб турниралда нилъер ясазул командаялъ бергьенлъи босана.

Командаялда гьоркьор рукIана Упият Алясаева, Муъминат ЛатIипова, Нурипат Абакарова, Марият Музарова, Узлифат Дудуева, Умайгьанат ТIалхIатова, Марият ХIадаева, Фатима ЛахIитова, Фатима ХIажиева, Хадижат Иманшапиева, СугIайдат Закарьяева ва Аят МухIамадова.

Гьезул тренерлъун Наида Алясаева ккола. Гьел хIаязда бищунго лъикI хIарайлъун Упият Алясаева рикIкIана.

Нилъер ясазул команда гьениб кIодо гьабуна кубокалдалъун, медаласдалъун ва гIарцулал шапакъатаздалъун, гьединалго шапакъатал гьенир бищунго лъикI хIаразеги кьуна.

***Насрула Алиукъаев***

# КигIан бицунеб бугониги…

## ХIурматиял районцоял!

ТIаде щвана, хасалил цIорораб заманги чIалгIун, тIабигIаталде гIадамал рахъунеб заман. Хасго къватIире рахьин цIикIкIуна байрамазул къояз. Киназдаго лъала гьединал къояз рохьаздагун гIалахазда цIаял ракулеблъиги ва цIаккеялъе ресал цIикIкIунеллъиги. Амма кигIан бицунеб бугониги, цIаккеялъул хIужаби тIагIинаризе кIолел гьечIо. Ахириял соназ, хасго риидалил заманалда, нилъер районалда къоял рукIана багIари цIикIкIарал ва цIадал дагьал.



Гьединаб заман цIаккеялда цIакъго хIинкъи бугеблъун букIуна. ЦIаккеялъул 100 хIужаялдаса 95-яб гIадамазул гIайибалдалъун кколеб букIин лъаларев чиги нилъеда гьоркьов ватиларо, гьединго, ватизе гьечIо цIаккеялъ кьолеб зарал лъаларевги. ЦIаккеялдаса цIуниялъе ругел малъа-хъваял тIуразаризе захIматаллъун гьечIо, цого, хIажат буго гьел, кьури гьечIого, тIуралеллъун рукIине.

Кинал малъа-хъваял гьел кколел?

1. ЧIаралъур яги техникаялда унел рукIа, свинабичIого, сигаретаялъул хутIел рехуге.

2. Бакъвараб хер, хасго гьури пулеб заманалда, бухIизе лъугьунге.

3. Цебе ккараб бакIалда цIа бакуге. Гьелъие тIаса бище сверухъ бугелде цIа бахунареб бакI.

4. Нахъе унеб заманалда, бакун букIараб цIа тIубанго свинабун букIиналда ракIчIун гурони, гьениса унге.

5. Лъай, хIухьбахъи гьабулелъуб бекараб шишил кесекалъги цIа ккезабизе бегьулеблъи, щай абуни, матIуялъ, бакъул чIорал дандеги гьарун, цIаккеялъе гIураб бухIи чIезабула.

6. ХIухьбахъизе унеб заманалда кIочонге, тIоцебесеб иргаялда, цIа свинабизе хIажалъулел ведро, лопата, лъимгун къали цадахъ росизе.

ГьабсагIаталда хIалтIулеб законалда рекъон, цIаккеялдаса цIуниялъул къагIидаби хвезаруразда тIад чIахIиял гIакIаби къотIизе ихтияр буго. Гьезул къадар 10 азаргоялдаса 400 азаргоялде щвезегIан букIине бегьула.

Божи лъола, малъулебги гIадахъ босун, цIаккеялдаса цIуниялъул къагIидаби нужеца хIалтIизаризе рукIиналда.

***ТIагьир Чегуев, «ПЧ-42» гIуцIиялъул начальникасул заместитель***

**БетIерав редактор:**
И.Б.Салимханов
55-48-94
**Жавабияв секретарь:**
М.-Ш.Э. ГIабдулашимов

**Мухбирзаби:**
И.Р. Идрисов, Д.К. Батиева, М.З. ДавудхIажиев
**Набор:** М.М. ХIайбаева
**Верстка:** М.А.АтавхIажиева ва З.ХI ХIасанова
**Фотокорреспондент:**
М.-гI.ХI.ХIамидов

**Газета бахъизе байбихьана 1933 соналъул 15 апрелалда**

Типографиялъул адрес: 367032, РД, МахIачхъала шагьар, Насрутдиновасул проспект,1А

**Газета хIадур гьабуна редакциялъул компьютералъул цехалда.**
Графикалда рекъон, печаталде кьураб заман 16.00
ХIакъикъаталда печаталде кьураб заман 16.00

**Учредитель:** администрация МР "Казбековский район"
Редакциялъул (издательствоялъул) адрес: РД, Казбек район, Дилим росу, 368140,
**Индекс:** 51354 Тираж-1523, багьа-эркенаб

**Газета зарегистрирована в Управлении Роскомнадзора по РД 19.05.2014 г. серия ПИ № ТУ 0500290**

**Макъалабазда рехсарал хIужабазул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб авторас кьола**